

Say Sañ-sañ Ndimbalu Xaalis ak Lekk ak Kiliftéef

TURU KILIYAAN BI (KILIFA KËR GI)

NIMERO KILIYAAN

Say Kilitéef (Li la war)

- **Jox ñu xibaar yuñu soxla ngir dogal ndax mën nga ci am.**
- **Jox ñu ab firndé so ko soxla.** War nañ la ko mënna wutal. Xibaar yi nga jox departama bi federaal ak njiiti etaa bi dañ ko wara saytuwaat. Saytu gi mën nañ ci boole ay jokkoowu topp ci liggéeykat yi ci departama bi bokk na ci lanketu luubël.
- **Xibaar yuñu xamle ci Department of Social and Health Services (Departama wu Sosial ak Sàrwiisi Wergu-yaram)** mën naa am ay lorange ci sa couverture medicale bu Health Care Authority (Njiit bi Jiite Wergu-yaram) ak bu Joxante ay Awantaasi Wergu-yaram.
- **Nettali coppite yi** (ci misaal: adarees, koom, ak yeneen.) niñ ko sakkoo ci WAC 388-418-0005. Yëgle leen fii ak 10^{eel} fan ci weer wiy ñëw.
- **Këru-liggéeyukaay bu nekk ci Division of Child Support (Pàcc bi yore Ndimbalu Xale yi, DCS)** so nangoo ab neexalu TANF. Da nga wara jàppale DCS mu tëral, sopp, wala dooleel ndimbalu xale ngir xale bu(yu) nekk ci sa loxo, te tëral wàllu baay (suko laajee). Mën nga baña nangu lëkkaloo ak DCS so mënnee wone ni am nga sabab bu buy waral nga gëm ni lëkkaloo ak DCS daf lay dugal yaw, say doom, wala xale yi nekk sa loxo ci risku ngaañ ci waajur bu nekkul kilifa.
- **Bindu ngir** te jéem lu jaadu ngir am ab koom yi ngay mënna am ci yeneen costéef so ko laajee wara so jotee ci ndimbalu xaalis.
- **Feccaliil nettali ak topp yuñuy laaj.**
- **Toppal say càkkutéefi** ndimbalu xaalis ak ndimbalu lekk.
- **Wax ñu** so béggee keneen jëfandikoo sa ndimbalu lekk ci sa tur.
- **Lëkkaloo ak sunuy toppi Saytu Baaxay.**
- **Jëfandikool ndimbalu lekk** ngir jëndal lekk ñi bokk ci sa kër kese.
- **Jëfandikool ndimbalu lekk** ngir awantaasu ñi bokk sa kër kese.
- **Da nga wara joxe ay Social Security Numbers** (Nimero Sécurité Sosial, SSN) wala tolluwaayu imigere ngir nit yuy bindu ngir am ndimbalu kese. So tannée baña joxe ay SSN wala tolluwaayu imigere ngir ñi bokk sa kër te bindu wuñu, koom ak costéefi ñépp ñu bokk ci ker gi yépp lañu wara xoolaat, su ko laajee, ngir tëral nangu gi.

Say Sañ-sañ (Daño Wara)

- **Nangu nga bindu** ak sa tur, adarees, a ak sa xaatim wala xaatimu kilifa bu lay teewal.
- **Jàppale la nga feccali ay formileeri DSHS.**
- **Defar** sa càkkutéefu ndimbalu lekk ci biir 7 fan sudee nangul nañ ay sàrwiis yuñu gaawal.
- **Jox la ab rosi** so ci laajee benn so joxee ay keyit.
- **Jox la ab dogal buñu bind**, ci li ëpp ci kaa yi, ci biir 30 fan.
- **Mën nga baña wax ci ab lanketu Fraud Early Detection** (Teela Gis Luubal, FRED) ci Office of Fraud and Accountability (Biro Luubal ak kiliftéef). Du force nga bayyi kiy lanket mu dugg sa kër. Mën nga laaj ñiy def lanket bi ñu ñëwaat beneen yoon. Lii du indi benn lorange ci sa nangug ndimbal.
- **Mën nga laaj ñu defal la ab ojans administrative** so nanguwul dogal bi departama bi joxe ci sa kaa. Mën nga itam laaj ab njiit wala ab saykat mu xoolaat dogal wala jëf bi ngay weddi te du indi benn lorange ci say sañ-sañ ojans administrative.
- **Dañ la wara yëgël** ci yemaley diirup sàrtu 60 weer ci porogaraamu Temporary Assistance for Needy Families (Ndimbalu lu Negandiku ngir Njaboot yi ko Soxla, TANF). Yemaley diir bii jëfewul ci say Lekk yu Manta ñakk, wala say subvention wu ndimbalu xale.

Mbir yi nga wara xam ci sa Kartu EBT

- **Jëfandikoo bu bon ci Awantaas yi:** Lekk ak xaalis yuñuy joxe ci ab kartu EBT dina jox DSHS jaar-jaari jënd yi nga jëfandikoo say awantaas. Departama bi dina jëfandikoo xibaari jënd yi ci lanketi jëfandikoo bu bon bi ñu def ci awantaasi xaalis wala coppitey ndimbalu lekk yi ak xaalis wala yeneeni mbir yu am solo (traffiké).
- **Rampalaase kartu EBT:** Mën nañ la fayyeeku ci rampalaase ay karti EBT. Deñcal sa kartu EBT ak sa personal identification number (nimero raññeekaay, PIN) fu wér te wóor.

- **Kartu EBT yu am Xaalis yu bari lool:** so jëfandikoowul say awantaas ay weer ci benn yoon wala nga dajale ab xaalis bu bari ay weer yu bari, mën nañu jokkook yaw ngir xoolaat sa nekkiin wala soxla yi nga am ci awantaas yi.

Mbir yi nga wara Xam (Lekk bu Manta ñakk)

- **Dañuy yonnee ay xibaar** ci nit yuy bindu ngir Lekk yu Manta ñakk ci yeneen këri Federaal yi ngir xool ndax xibaar yi jub nañu. Sudee amul benn xibaar bu jub, nit ki bindu mën na baña jot ci Lekk bu Manta ñakk. Su ab nit joxee ay xibaar yu ko leer ni jubu ñu, mën nañ ko toppee wällu kirim. Ay daan ci jalgati sàrti Lekk yu Manta ñakk ci sa tayeef dafay wuute ci ñakka nangu porogaraam bi, ci alamaan yi, wala ci wällum tëjum kaso bi ci mëna am.
- **So jaayee, ngay jéema jaay, soppi wala maye say lekk yu manta ñakk** ngir lepp lu am solo lu mel ni xaalis, dorog, nganaay, wala lépp lu bokkul ak lekk ci ab détaillant buñu nangu (trafiké), mën nañ la tere jot ci ay awantaasi lekk ci ab diir bu buy tambalee ci benn at ba ci ñakka nangu ci sa giiru dundu ci jalgati bu njëkk bi. Tere gi dafay wey ba so gennee Etaa bu Washington te bindu ci ay awantaas ci beneen Etaa.
- **Suñ la laajee nga bokk ci ay càkkutéefi liggéeyu Lekk bu Manta ñakk**, te jotoo ci bokk, mën nañ la ko tere ci diiru benn weer, ñetti weer ak ba kerook ngay dëppook cakkutéefi liggéey yi ngir ñakka def bi ngir ñaareelu ñakka def ak juróom benni weer ba kerook ngay dëppook càkkutéef yi ngir ñetteelu yoon bi ak bépp jamono bi ci topp.
- **Mën nañ la gennee ci porogaraamu Lekk yu Manta ñakk** ndax li nga jalgati sàru porogaraamu Lekk yu Manta ñakk ci niñ ko xamlee ci limu danjkaafu daanug Lekk yu Manta ñakk ci xët bii.
- **Yëgle dépenses yuñu amal ci kër gi so bëggee departama bi dugal yile njëg ngir Lekk yu Manta ñakk.** So yëgle wul te joxe ay firnde ci yile dépenses, kon yaa ngi wax ni bëggo ñu jëfandikoo yile dépenses ngir dogal ndax mën nga am yeneeni Lekk yu Manta ñakk.

Mbir yi nga wara Xam (Xaalis)

- **Sooy jot ci Temporary Assistance for Needy Families (Ndimbal lu Negandiku ngir Njaboot yi ko Soxla, TANF)** mën nga jagleel sa doom ak sa soxna ay sañ-sañi ndimbal ci Division of Child Support (Pàcc bi Yore Ndimbalu Xale). Lii mu ngi tekki ne DCS mën na deñc ndimbal biñ la yoreel, tollook njëgu ndimbalu askan wi nga jotoon. **Da nga ko wara wax waa DCS ci saasi so jotee ay payoori wala ay awantaasi child supportwala xale bi jamono ji nga nekkee ci TANF.**
- **So bayyee jot ci TANF** da nga wara wax waa DCS bépp coppite buy laal ndimbalu xale, lu mel ni xale bi dafa toxu wala sama adarees dafa soppeku.
- **So jotee ci TANF, da nga wara laaj beneen xaalis** ngir fay njëgi dëkkuwaay gu jamp gu negandiku bi.

Dëppook sañ-sañi yooni siwili federaal ak tëraliin ak sàrti yooni siwil bu US Department of Agriculture (Jëwriñ bi yore Mbayum Amerik, USDA), dañuy tere kër gii mu amal ab boddi sukkandiku ci xeet, melo, cosaanu réew, awra (bokk na ci raññeekaayu xeetu awra ak péete ci awra), diine, laago, at, gëm-gëm ci wällu polotik, wala représailles wala représailles ngir ay jëf yu ko jiitu ci wällu yoonu siwil.

Xibaari porogaraam bi mën nañu jàppandi ci ay lakk yu wuuteek Angale. Nit yi amee laago te soxla yeneeni jumtukaayi jokkoo ngir jot ci porogaraam bi (maanaam, Braille, móol gu rey, audiotape, Langue des Signe bu Amerik), dañoo wara jokkook kër gi (etaa wala dëkk) bi ñu bindoo ngir awantaas yi. Nit yu tēw, am jafe-jafey degg wala wax mën nañu jokkoo USDA ci nimeru relai bu Sàrwiiisu Federaal ci (800) 877-8339.

Ngir yónnee ab porogaraamu ñaxtu ci boddi, da nga wara feccali ab Formileeru Ñaxtu AD-3027, Formileeru Ñaxtu Boddi bu Porogaraamu USDA bi nga mëna am ci net bi ci: <https://www.usda.gov/sites/default/files/documents/ad-3027.pdf>, ci bépp biro USDA, so wootee ci (833) 620-1071, wala nga bind ab bataaxal bi ngay yonnee waa USDA. Bataaxal bii war naa am tur, adarees, nimeru tlefon wu kiy ñaxtu ak ab leeral buñu bin ci boddi bi muy wax ci anam gu leer nañ ngir xamal Assistant Secretary for Civil Rights (Sekarteeru Sañ-sañu Siwil, ASCR) li ci nekk ak bisu jalgati sañ-sañu siwil biñu lim. Formileeru AD-3027 buñu feccali wala bataaxal bi dañ ko wara déposé ci:

1. **Adareesu Yonnee:** Food and Nutrition Service, USDA
1320 Braddock Place, Room 334
Alexandria VA 22314;
2. **Faksi** (833) 256-1665 or (202) 690-7442; wala
3. **Imel:** <mailto:FNSCivilRightsComplaints@usda.gov>

Këru ab kër la buy joxe ku nekk sa wërsëk ci anam gu tolooo.

Suma xaatimee fii ci suuf, maa ngi wax ni amoon naa sama sañ-sañ ak kiliftéefi jot ci ay awantaasi DSHS ak porogaraam yuñ ma indil ay leeral. Nànd naa ni suma bañee xaatim wayndare bii du indi benn lorange ci sama wàllu nangu waaye man maay yore kiliftéefu càkkuéefi porogaraam bi ba tey te mèn na am ay daan ci wàllu kirim wala ci porogaraam buy jéfee.

BISU XAATIMU WEY-BINDU

BI

CO- BISU XAATIMU WEY-BINDU

BI

ID WU JOT CI LIGGEEYKATI DSHS

Baña xaatim.